# OQÍWSHÍLARDÍŃ KREATIV PIKIRLEWGE, DÓRETIWSHILIK QÁBILETINIŃ RAWAJLANÍWÍNDA KLASTAN TÍS JUMÍSLARÍNÍŃ ÁHMIYETI

**Ismaylova Sabira Xojamuratovna**
Qaraqalpaqstan RespublikasıShomanay
rayonı 23-sanlı mekteptiń Qaraqalpaq tili
hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı

**Annotatsiya:** Oqıwshılardıń erkin dóretiwshilik penen shuǵıllanıwı, ádebiy shıǵarmalardı oqıp, qaharmanlardı talıqlaw, obrazlarǵa sıpatlama beriw sıyaqlı uqıplılıqlardı klastan tıs jumıslarında ámeliy úyreniwge baǵdarlanǵan.

**Gilt sózler:** Taetr, kreativlik, klastan tıs jumıslar

Házirgi waqıtta ilim-pánniń rawajlanıwı menen oqıwshılardıń kózqaraslar sheńberi de tezlik penen qáliplesip barmaqta. Oqıwshılardıń kreativ pikirlewge hár qanday ilaj yáki hádiyselerge kózqarasın rawajlandırıwda klastan tıs jumıslarınıń áhmiyeti oǵada girewli. Atap aytqanda, oqıwshılar óz ústinde erkin islewi, pikirler izbe-izligin saqlawı, ádebiy til normalarına itibar beriw sıyaqlı qábiletlerdi ámeliy jumıslar barısında úyrenip, dóretiwshi shaxs sıpatında qáliplesedi. Ulıwma bilim beriw mekteplerde klastan tıs jumısları ushın arnawlı, pán, sport, teatr sıyaqlı dógerekler shólkemlestirilip kelinbekte.

Ózbekstan Respublikası Mádeniyat minisrtligi hámde Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrliginiń 2024-jıl 15-noyabrdegi PQ-391-sanlı qararǵa tiykar, mektebimizde 2025-jıl yanvar ayınan “Turan teatr háwesker oqıwshı-jaslar” dógeregi ashıldı. Bunda, oqıwshılardı kreativlikke, kórkem oqıwǵa, ádebiy shıǵarmalardı saxnada jarata alıwı sıyaqlı qábiletlerdi qáliplestiriwshi dógerek jumıs alıp

barmaqta. Dógerektiń abzallıǵı, oqıwshılardıń ózindegi bar qábiletlerin saxnada kórsete alıw uqıplılıqları menen ózgeshelenedi.

Dógerek basshısı óz iskerligi dawamında, aǵza oqıwshılarǵa baǵdar berilip, ádebiy shıǵarmalardı analiz etiwge, obrazlardı durıs bólistiriw wazıypaları menen sheklenedi. Házirgi waqıtta, dógerekke mektep oqıwshılarınıń 50% ti qamtıp alındı hám hár sherek dawamında dógerek aǵzaları, basshısı menen birgelikte bayram baǵdarlamaların usınıp kelmekte. Bul álbette, oqıwshılardıń kórkemlep oqıw qábiletlerin, eń baslısı jańa basılımdaǵı ádebiy kitaplardı oqıw, qaharmanlarına sholıw jasaw, sol obrazlardı saxna mádeniyatına sat túrde alıp shıǵıwı, haqıyqıy mánidegi dóretiwshilik ekenligin sıpatlap kelmekte.

Juwmaqlap aytqanda, hárbir jas awladtıń dóretiwshi shaxs bolıp qáliplesiwi ushın, oǵan jol kórsetiwshi ullı insan-ustaz bolıp sanaladı. Solay eken, kraetiv pikirleytuǵın oqıwshılarımız erteńgi keleshektiń dóretiwshi shaxsları bolıwı kerek. Usınday dógereklerdiń jumısları arqalı, jas awladlardı tárbiyalaw jolında, klastan tıs isleriniń sapası joqarı bolıwı baslı maqsetimiz hám wazıypamız bolıp xızmet etiwi sózsiz.

## Ádebiyatlar

**1.** Olimjonova Z "Ózbek teatr dramaturgiyasining janriy xususiyatlari" Toshkent-2010.

**2.** Abduxakikov A "Qóǵirchoq teatr san'ati" Toshkent -2020

**3.** Ernazarov B "Qaraqalpaq balalar ádebiyatı antologiyası" Nókis-2018

**4.** Sayidahmedov N. "Pedagogik moharot va pedagogik texnologiya" Toshkent, 2003.